

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif. Data anu dicangking mangrupa kekecapan anu eusina gambaran deskriptif ngeunaan wanda jeung harti pakeman basa dina novel *Pangéran Kornél* karangan R. Méméd Sastrahadiprawira. Éta hal dirojong ku pamanggih Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 22) *penelitian kualitatif adalah penelitian yang berangkat dari inkuiri naturalistik yang temuan-temuannya tidak diperoleh dari prosedur penghitungan secara statistik*. Sajalan jeung éta pedaran, Moleong (2007, kc. 6) *nétélakeun penelitian kualitatif adalah penelitian yang bermaksud untuk memahami fenomena tentang apa yang dialami oleh subjek penelitian misalnya perilaku, persepsi, motivasi, tindakan, dll., secara holistik, dan dengan cara deskripsi dalam bentuk kata-kata dan bahasa, pada suatu konteks khusus yang alamiah dan dengan memanfaatkan berbagai metode alamiah*.

Métode deskriptif nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) nya éta *penelitian yang dimaksudkan untuk menyelidiki keadaan, kondisi atau hal-hal lain yang sudah disebutkan, yang hasilnya dipaparkan dalam bentuk laporan penelitian*. Lian ti éta, tujuan utama dina métode deskriptif nya éta ngagambarkeun sacara sistematis fakta jeung karakteristik objék atawa subjek anu ditalungtik. Sukardi (2007, kc. 157). Dumasar éta pedaran, metode déskriptif miboga udagan pikeun ngadeskripsikeun, nyieun gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta nu aya di lapangan. Hal-hal anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta ngeunaan pakeman basa nu dipasing-pasing dumasar wandana anu kapaluruh dina novel *Pangéran Kornél* Karangan R. Méméd Sastrahadiprawira.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif, desain panalungtikan nu digunakeun nyoko kana galur saperti ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Nurutkeun Lofland jeung Lofland (dina Moleong 2007, kc. 157) *sumber data utama dalam penelitian kualitatif ialah kata-kata dan tindakan selebihnya adalah data tambahan seperti dokumen dan lain-lain*. Lian ti éta Basrowi jeung Suwandi (2008) ngawincik papasingan sumber data nya éta kekecapan, tindakan, sumber data tinulis, foto, jeung statistik. Dumasar éta pedaran data anu aya dina ieu panalungtikan nya éta sumber data tinulis.

Anapon data dina ieu panalungtikan nya éta sakumna wanda pakeman basa anu aya dina novel *Pangéran Kornél* karangan R. Méméd Sastrahadiprawira. Ari sumber datana nya éta novel *Pangéran Kornél* karangan R. Méméd Sastrahadiprawira. Novel anu kandelna 151 kaca jeung ukuranna 20,5cm x 14,4cm ieu téh mangrupa wedalan PT Kiblat Buku Utama citakan kadua taun 2014, sedengkeun citakan kahijina medal taun 2009. Saenyana novel *Pangéran Kornél* karangan R. Méméd Sastrahadiprawira geus medal taun 1978 ti Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, Proyek Penerbitan Bacaan dan Sastra Indonesia dan Daerah.

Ieu novel kagolong kana novel sajarah, alatan eusina nyaritakeun sajarah anu aya di wewengkon tatar Sunda perenahna mah di Sumedang, Cadas Pangéran téa. Anu dicaritakeun lain ngan sakur wilayah Cadas Pangéran jeung wewengkon Sumedang wungkul, tapi wewengkon séjén saperti Limbangan, Bandung, Cianjur, Bogor, jeung wewengkon séjénna anu jadi saksi lalampahan Pangéran Kornél. Carita dina ieu novel dimimitian ku situasi Sumedang taun 1773. Satuluyna diébréhkeun lalampahan Radén Jamu atawa Pangéran Kusumadinata salaku bupati Sumedang anu sasalaman jeung Marsekal Daendels maké leungeun kénca. Alatan leungeun katuhuna siap nyekel landéan keris. Sulaya tina panyangka, ngaliwatan éta peristiwa, Daendels anu amarahna ngagugudag sarta nu tadina disangka bakal nibanan hukuman ka anjeuna, jadi nyurahan naon anu ditétélakeun ku Pangéran Kusumadinata perkara kateusanggupan rahayat neunggar cadas anu sakitu taringgulna alatan teu luyu jeung alat disadiakeun.

Ku kajadian éta ogé Pangéran Kusumadinata jadi kapercayaan Tuan Besar (Daendels) anu satuluyna meunang gelar Pangéran Kornél (asalna tina kolonél). Dina ieu novel dicaritakeun lalampahan Pangéran Kornél nepi ka maotna tanggal 29 Juli 1828.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Pangumpul Data

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 102) *instrumen penelitian adalah suatu alat yang digunakan mengukur fenomena alam maupun sosial yang diamati*. Anapon instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Sakabéh data pakeman basa nu aya dina novel *Pangéran Kornél* karangan R. Méméd Sastrahadiprawira disalin kana kartu data nu digunakeun sarta dibéré idéntitasna. Masing-masing idéntitas nuduhkeun judul novel, kaca, paragraf, posisi kalimah, posisi frasa atawa gundukan kecapna. Saterusna éta data disalin kana tabél nu geus dipasing-pasing dumasar gelarna, warna jeung hartina. Anapon conto kartu datana saperti ieu di handap.

Bagan 3.2 Kartu Data

Kartu Data	
Kode Data	: P/15/2/8/4
Data	: Céék paripaos téa mah raos kagunturan madu kaurugan menyan putih sarta sadayana para wargi sami nadahkeun leungeun duanana ka langit, neneda ka nu Maha Wisésa, supados Dampal Dalem salamina ginuluran kawilujengan.
Kat.	: 4 : Posisi Klausa 8 : Posisi Kalimah 2 : Paragraf 15 : Kaca P : Idéntitas Novel

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka (studi bibliografi). Téhnik ulikan pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman,

nalaah, jeung ngaidéntifikasi pangaweruh. Téhnik ulikan pustaka dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber anu aya pakuat-pakait jeung konsép tioritis katut bahasan pasualan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 75).

Dumasar téhnik nu digunakeun, kawangun runtuyan léngkah-léngkah nu dilakukeun nalika ngumpulkeun data, nya éta:

- a. nangtukeun sumber data;
- b. maca novel *Pangéran Kornél* minangka sumber data nu dianalisis wangun pakeman basana;
- c. nyirian pakeman basa dina novel dumasar papasinganana; jeung
- d. nyalin data pakeman basa kana kartu data nu geus disadiakeun.

3.4 Analisis Data

Bodgan (dina Sugiyono, 2013, kc. 244) nétélakeun *analisis data adalah proses mencari dan menyusun secara sistematis data yang diperoleh dari hasil wawancara, catatan lapangan, dan bahan-bahan lain, sehingga dapat mudah dipahami, dan temuannya dapat diinformasikan kepada orang lain*. Dina ieu panalungtikan, data nu geus dikumpulkeun téh tuluy diolah. Ari ngolah datana ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung (*Immediate constituent (IC) analysis*). Analisis unsur langsung dipaké pikeun nganalisis unsur-unsur anu ngawangun hiji basa (kecap, frasa, klausa, atawa kalimah) (Wijayanto, 2008). Unsur-unsur anu dianalisisna nya éta wangun, wanda, jeung harti pakeman basa. Anapon léngkah-léngkah dina nganalisis ieu data nya éta:

- a. mariksa jeung narjamahkeun data pakeman basa anu geus dikumpulkeun;
- b. nyieun papasingan dumasar wanda pakeman basa;
- c. ngadeskripsikeun wanda pakeman basa;
- d. nyieun kacindekan tina pakeman basa anu kapaluruh dina novel *Pangéran Kornél* karangan R. Méméd Sastrahadiprawira; sarta
- e. nyusun bahan pangajaran pakeman basa tina novel *Pangéran Kornél* karangan R. Méméd Sastrahadiprawira pikeun siswa SMA kelas XI.